

Notis pou practikey prive

HIPAA Ofisyé Konfidansyalite
2002A E. Michigan St.
Orlando, FL 32806 - Telefòn: 407-836-9214
Imel: privacy.officer@ocfl.net



Enfòmasyon pa ou. Dwa pa ou. Responsablite pa nou.

Notis sa esplike jan
enfòmasyon medikal ou kapab sèvi
epi divilge fason ou kapab jwenn
aksè sou enfòmasyon sa.

Tanpri revise li ak anpil atansyon.

Dwa pa ou

Lè se enfòmasyon la sante ou, ou ginyin dwa sèten. Seksyon sa eksplike dwa pa ou et kèk responsablite ke nou ginyin pou ede ou.

Ou kapab pran kopi dosye medikal ou nan fòm elektwonik oswa papye

- Ou kapab mande pou ou wè oswa pou nou bay ou yon kopi dosye medical ou sou fòm elektwonik oswa papye ak nenpòt ki lòt enfòmasyon medical nou genyen pou ou. Mande nou ki jan ou kapab fè sa.
- Nou bay ou yon kopi rekò medikal ou, nan 30 jou apre demann ou. Nou kapab chaje ou yon pri rezonab.

Mande nou pou korije rekò medikal ou

- Ou kapab mande nou pou korije enfòmasyon medikal ou, si ou konnin li pa kòrèk, ou byin si li pa konplè.
- Nou kapab di ou "non" pou demann ou fè, men nou ap fe ou ou konnen poukisa nou refize demann ou an nan 60 jou.

Demann pou enfòmasyon konfidansyèl ou

- Ou kapab mande nou pou kontakte ou nan yon jan espesifik (pa egzanp, **lakay ou, sou telefòn biro ou**) oswa pou voye lapòs nan yon diferan adrès.
- Nap reponn ou "wi" pou tout rekèt ki fè sans.

Kontinye ak paj ki apre

Dwa pa ou Kontinye

Mande nou pou limite sa nou itilize oswa sa nou pataje

- Ou kapab mande nou pou nou pa itilize oswa pataje kèk enfòmasyon pou tretman, peman, oswa operasyon pa nou.
- Nou pa oblige dakò ak demann ou, epi nou kapab di ou "non" si lap afekte swen w'ap resevwa.
- Si ou peye pou yon sèvis oswa yon swen byen detèmine sou sante ou nan pòch ou antyèman, ou kapab mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon ak asirans ou.
- Nou ap di ou "wi" sof si lalwa ekzije nou pou nou pataje enfòmasyon ou.

Ou ka jwenn yon lis ki genyen non moun ke nou pataje enfòmasyon ou yo

- Ou kapab mande pou yon lis (kontablite) ki montre ou lè nou pataje enfòmasyon sou sante ou. Ou kapab mande enfòmasyon sa pou sis ane ki base kòmanse sou dat ou fè demann lan, lis sa ap montre ou ak ki moun nou pataje enfòmasyon sa yo.
- Nou ap bay tout enfòmasyon eksèpte sa ki montre tretman, peman, ak zafè prive sou sante ou, epi kèk lòt enfòmasyon (tankou nenpòt sa ou mande nou pou nou fè). N'ap bay ou yon bilan(kontablite) gratis men nou ap fè ou peye yon pri rezonab, si ou mande pou yon lòt kopi nan menm ane a, oswa 12 mwa.

Resevwa yon kopi de notis prive sa

- Ou kapab mande nou pou yon kopi notis prive sa sou papye nenpòt lè, menm si ou te gentan dakò pou ou te resevwa kopi sa sou fòm elektwonik.

Chwazi yon moun pou pran aksyon pou ou

- Si ou te bay yon moun pouvwa ak aksè legal pou pran desizyon sou zafè medikal ou, moun sa kapab pran dwa ou bay li a pou fè chwa pou ou ak enfòmasyon medikal ou.
- Nou ap asire ke moun sa genyen otorite legal, epi nap gade si moun sa kapab pran aksyon pou ou, avan nou pran nenpòt aksyon.

Rapòte sa si ou ta panse ke dwa ou vyole

- Ou kapab pote plent si ou santi ke nou vyole dwa ou. Kontakte nou nan privacy.officer@ocfl.net oswa rele nou sou 407-836-9214, epi mande pou ou pale avèk ofisyé prive-a.
- Ou kapab pote plent ak bay Depatman Sante Ameriken an ak Ofis de Sèvis Sosyal pou Dwa Sivil, osinon ekri yo nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hippa/complaints/.
- Nou pa pral revandike si ou pote plent kont nou.

Chwa Pa Ou

Pou kèk enfòmasyon sou zafè sante ou, ou kapab di nou chwa ke ou fè sou fason ou ta vle pou nou pataje-l. ISi ou genyen yon klè preferans sou jan ke ou ta vle pou nou pataje enfòmasyon ou nan sitiyasyon nou esplike anba yo, di nou sa. Fè nou konnen, sa ou vle pou nou fè epi nap fèl' jan ou vle-l.

Nan ka sa, ou ginyin tout dwa et chwa pou di nou:

- Pataje enfòmasyon avèk fanmi ou, zanmi ki pwòch ou, oswa lòt moun ki mele nan zafè sante ou.
- Pataje enfòmasyon ou ak moun ki ka bezwen li aprè yon sitiyasyon dezas fin pase.
- Ajoute enfòmasyon ou nan yon anyè lopital.

Si ou pa kapab di nou sa ou prefere, pa egzanp, si ou vin pèdi konesans, nou kapab pataje enfòmasyon ou si nou kwe ke sa nan bon enterè ou. Nou kapab pataje enfòmasyon ou pou diminye yon menas serye epi ki grav pou sante ou oswa sekirite ou.

Nan ka sa, nou pa janm pataje enfòmasyon ou:

- Pou fè reklam
- Pou vann enfòmasyon ou

Avèk pèmisyon nan yon lèt ekri, nou kapab pataje:

- Detay Sikoterapi avèk/ oswa nòt dosye jesyon ou

Itilizasyon avèk divilgasyon nou

Ki jan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou? Nou tipikman itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou nan fason sa yo:

Tretman ou

- Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante ou epi pataje li ak lòt pwofesyonèl ki pran swen ou.

Pa egzanp: Yon doktè ki ap trete ou pou yon aksidan, ka mande yon lòt doktè pou enfòmasyon sou sante ou.

Fonksyon òganizasyon pa nou

- Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sante ou pou òganizasyon nou an kapab fonksyone pi byen, pou amelyore swen ou, avèk kontakte ou lè li nesesè.

Pa egzanp: Nou itilize enfòmasyon sante ou pou nou kapab pi byen jere tretman ak sèvis nou bay ou yo.

Bòdwo pou sèvis ou

- Nou kapab itilize ak pataje enfòmasyon sante ou pou nou kapab touche bòdwo ki pokò peye ak pou nou pran pèman nan men asirans sante oswa lòt antite.

Pa egzanp: Nou pataje enfòmasyon ou avèk asirans sante ou pou yo kapab peye pou sèvis nou bay ou.

Kontinye ak paj ki apre

Ki lòt fason nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou? Nou gen dwa, oswa nou oblige pataje enfòmasyon ou nan lòt fason- Pi souvan nan fason ki kontribye byen publik la, tankou sante publik avèk rechèch. Fòk nou satisfè tout deman lalwa avan nou kapab sevi avèk enfòmasyon pa ou pou objektif sa yo. Pou plis enfòmasyon vizite: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/index.html>

Pou ede sante publik epi pwoblèm sekirite	<ul style="list-style-type: none">Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ou pou sèten sitiyason, pa egzanp:<ul style="list-style-type: none">Anpeche vye maladiEnfòme publik la sou move pwodwi ki sou mache aRapòte pwoblèm ke yon medikaman ap pozeRapòte abi ou sisplèk, neglijans, oswa yvolans domestikPou anpeche oswa diminye yon menas grav sou sante publik oswa sekirite
Fè rechèch	<ul style="list-style-type: none">Nou kapab sevi oswa pataje enfòmasyon ou pou fè rechèch ki ka ede sante publik.
Konfòme avèk lalwa	<ul style="list-style-type: none">Si leta, oswa moun gouvènman bezouin enfòmasyon ou, nap bay li yo. Pa egzanp, Depatman Sante ak sevis Sosyal, si yo bezouin wè si nou ap konfòme avèk lwa federal sou enfòmasyon prive ou, nou ap pataje enfòmasyon sa avèk ou.
Reponn a rekèt pou bay ògàn avèk tisi	<ul style="list-style-type: none">Nou kapab pataje enfòmasyon sante ou avèk òganizasyon akizyon ògàn.
Travay avèk yon egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb	<ul style="list-style-type: none">Nou kapab pataje enfòmasyon sante ou avèk doktè lejis, egzaminatè medikal, oswa direktè ponp finèb
Adrese konpansasyon travayè, lapolis, ak lòt reklamasyon ki soti nan gouvènman	<ul style="list-style-type: none">Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou avèk:<ul style="list-style-type: none">Konpansasyon travayè pou fè reklamasyonLapolis pou yon objektif oswa avèk yon ofisyèl leta.Ajans sipèvizon de sante pou aktivite ki otorize pa lwaSekirite nasyonal, avèk sèvis pwoteksyon prezidansyèl, pou yon espesyal fonksyon gouvènman, pa egzanp lame nasyonal, ak pou bagay ki gen rapò ak sekirite prezidan.
Reponn a pwochè epi aksyon legal	<ul style="list-style-type: none">Nou kapab pataje enfòmasyon sante ou pou reponn a demann tribunal, oswa yon manda.

Note: Nenpòt enfòmasyon sante ki pataje pou rechèch ap premyèman ranje nan yon fason pou yo pa ka idantifye ou. Sa ap fèt differan sèlman si ou bay nou pèmisyon ekri.

Responsabilite nou

- Lalwa di, nou bezwen kenbe enfòmasyon sante ou prive epi an sekirite
- Nou ap fè ou konnen rapidman si ta genyen vyolasyon avèk enfòmasyon prive ou.
- Fòk nou suiv tout sa ki diskite nan notis sa et pratik vi prive ki identifye et bay ou yon kopi.
- Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon ou si se pa ou ki bay nou otorizasyon ekri. Si ou di nou wi, ou kapab chanje lide ou nenpòt lè. Ekri nou pou fè nou konnen si ou chanje lide ou.

Pou plis enfòmasyon vizite: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman sou kondisyon ki nan notis sa

Nou kapab chanje kondisyon ki nan notis sa, epi chanjman sa yo va aplike avèk tout enfòmasyon nou genyen de ou. Si nou ta fè yon chanjman nouvo, notis sa ap disponib pou ou lè ou mande'l, oswa nan ofis nou ak sou sit entènèt nou an

Dat efektif: 1 Oktòb 2018

Notis sou Pratik Prive sa aplike a òganizasyon sa yo.

Citizen Resource & Outreach Division

Convention Center

Corrections

Corrections Health

Emergency Medical Services (EMS)

Fire Rescue

Head Start

Human Resources (HR)

Medical Clinic

Medical Examiner

Mental Health & Homelessness

Office of Disability Assistance

Office of the Ombudsman

Parks & Recreation

Regional History Center

Ryan White Title I Program Office

Youth & Family Services

Si ou genyen kesyon sou enfòmasyon Sante ke nap pwoteje pou ou, kontakte Ofisyé Konfidansyal.

Adrès Elektwonik: privacy.officer@ocfl.net

Telefòn: 407-836-9214